# У Й Ғ А Р Ы Ў

2026-жыл 19-февраль                                                    Нөкис қаласы

Жынаят ислери бойынша Нөкис қаласы суды, өз имаратында, ашық суд мәжилисинде, басшылық етиўши жынаят ислери бойынша Нөкис қалалық судының баслығы Ш.Шамамбетов,

судья жәрдемшиси М.Жаксылыков хаткерлигинде, мәмлекетлик айыплаўшы Нөкис қаласы прокурорының орынбасары С.Даулетмуратов, Нөкис қалалық ИИБ Пробация топары инспекторы Р.Мадреимовтың қатнасында, Нөкис қалалық ИИБ ЖҚХ Пробация топарының судланған М.Талиповтың қарсысына суд ҳүкими менен тайынланған дүзетиў иси жазасының өтелмеген мүддетин басқа жаз алмастырыў ҳаққындағы усынысты, усынылған ҳүжжетлер менен бирге көрип шығып, төмендегилерди

а н ы қ л а д ы :

Судланған Талипов Мухит Утегенович, 1978-жыл 3-ноябрь күни Нөкис қаласында туўылған, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, миллети қазақ, мағлыўматы орта, жумыссыз, шаңарақтан ажырасқан, алдын судланбаған, Нөкис қаласы “Қызыл қум” МПЖ Байсун көшеси 54-жайда жасайды.

Судланған Талипов Мухит Утегенович 2022-жыл 1-март күни ЖИБ Нөкис қаласы суды хукими менен Өзбекстан Республикасы ЖКниң 97-статьясы 1-бөлими менен айыплы деп табылып, ЖКниң 57-статьясы қолланылған ҳалда, 8 жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланған.

2025-жыл 30-октябрь күни ЖИБ Қоныраt районы судынын уйғарыў менен судланған М.Талиповтын өтелмей қалған 3 жыл 11 ай 29 күни Өзбекстан Республикасы ЖКниң 74-статьясы 3-бөлими “в” бәнтине асас хәр айлық ис-ҳақысының 20 процентин мәмлекет пайдасына услап турыў жолы менен дүзетиў иси жазасына алмастырылған.

Нөкис қаласы ишки ислер баскармасы ЖҚХ Пробация топарына 2025-жыл 6-ноябрь күни есапқа алынып, пробация топары тәрепинен жаза өтеў тәртип қағыйдалары жазба ҳәм аўыз еки түрде түсиндирилген. Яғный, шет ел мәмлекетлерине шығып кетпеў, ҳуқықбузарлық ҳәм қайта жынаятқа қол урмаў, жумысқа орналасыў, жасаў ҳәм жумыс орны өзгерген жағдайда ИИБ пробация топарына хабар бериў, егер жазаны өтеў тәртип қағыйдаларын бузған жағдайда дүзетиў иси жазасы басқа жазаға алмастырылыўы ҳаққында ескертирилген.

2025-жыл 14-ноябрь күни Нөкис қаласы “Бәнтликке көмеклесиў орайы” баслығына жумысқа орналасыў бойынша жоллама берилген.

2026-жылы 23-январь күни Судланған М.Талипов жумысқа орналаспай жургенлиги ушын тусиник хатлар алынып ескертиў берилди.

Судланған М.Талипов суд тарепинен оған берилген дүзетиў иси жазасын өтиўден бас тартып Нөкис қаласы Пробация топарына келмей жургенлиги ушын, суд хүкимин таминлеў мақсетинде онын жасаў мәнзилине тексерип барылғанда судланған М.Талипов жасаў мәнзилинде жоқ екенлиги анықланған ҳәм ҳалат бойынша усы уйде жасаўшы ағасы Талипов Сабит менен саўбетлесилгенде, иниси Талипов Мухит 2025-жыл 30-декабрь күни көргенин,

Хужжат имзоланган: SHAMAMBETOV SHARAFAT DOSMAMBETOVICH, 19.02.2026

кейин уйден шығып кетип қайтып келмегенин, ҳәзирги күнде қай жерде екенлигин билмеслиги ҳаққында айтып өз көрсетпесин бергенлиги бойынша тусиник хат жазып берген.

2026-жыл 7-февраль күни суд ҳүкимин орынлаў мақсетинде Нөкис қаласы 22-киши район 2-жай 26-ханада жасаўшы ағасы Талипов Мажит менен саўбетлескенинде, иниси М.Талиповты бир хәптеден коп болғанын көрмегени, М.Талипов пенен байланыс ушын оның қол телефонына шыққанда ол ошик болғаны, ҳәзирги күнде қай жерде екенлигин билмеслиги ҳаққында айтып өз көрсетпесин бергенлиги бойынша тусиник хат жазып берген.

Буннан басқа Судланған М.Талипов пробация топарына келмегени ҳәм Суд тәрепинен берилген дүзетиў иси жазасын орынламасдан бас тартып жургенлиги бойынша жасаў мәнзилине ҳүким талапларына тийкар 2026-жыл 7-февраль күни тексерип барғанында судланған М.Талиповтың жасаў мәнзилинде жоқ екенлигин анықлаған ҳәм халат бойынша ағасы Талипов Сабит менен саўбетлескенинде, иниси М.Талипов үийге келмей жургенлигини, усы мәнзилде жасамайатырганлығыны айытып өтип, бул халат бойынша актлестирилген.

Судланған М.Талиповтын 2026-жыл 9-февраль күнине шекем берилген 3 жыл 11 ай 29 күни дүзетиў иси жаза мүддетиниң бирде бир күнин өтеместен жумысқа орналасыўдан бас тартып ҳәм суд ҳүкимин орынланбастан қалып кетиўи себепли Судланған М.Талиповтың өтелмеген 3 жыл 11 ай 29 күни дүзетиў иси жаза мүддетин Өзбекистан Республикасы Жынаят Кодексиниң 46-статьясы 4-бөлимине тийкар еркинен айырыў жазасына алмастырыў ҳаққында усыныс етилген.

Суд, усынысты суд мәжилисинде көрип шығып, Нөкис қаласы прокуроры орынбасары С.Даулетмуратов ҳәм Нөкис қалалық ИИБ пробация топары инспекторы Р.Мадреимовтың усынысты қанаатлантырыўды сораған пикирлерин тыңлап, судланған М.Талипов суд ҳүкими менен тайынланған жазаны орынламнлығы анықланғанын, ҳәзирде судланған М.Талиповқа 2026-жыл 9-февраль күнине шекем суд ҳүкими менен тайынланған 3 жыл 11 ай 29 күн дүзетиў иси жазасының бирде бир күнин өтемеген мүддетин есапқа алып, Нөкис қалалық ИИБ баслығының усынысын қанаатландырыўды лазым табады.

Себеби, Өзбекстан Республикасы ЖКниң 46-статьясында «егер шахс суд тәрепинен тайынланған мийнетте дүзетиў ислери жазасы мүддетиниң жәми отыз күннен көбирегин өтеўден узирли себеплерсиз бас тартса яки Өзбекстан Республикасынан сыртқа шығып кетсе, суд мийнетте дүзетиў иси жазасының өтелмеген мүддетин сол мүддетке азатлықтан шеклеў яки еркинен айырыў түриндеги жаза менен алмастырады, жазаны өтеўден бас тартқан ўақыт жазаның өтелген мүддетине қосып есапланбайды» деп көрсетилген.

Сондай-ақ, Жынаят орынлаў кодекси 32-статьясына муўапық «судланған шахс дузетиў иси жазасын өтеўден бас тартқан жағдайда жазаларды орынлаў инспекциясы өтелмеген мүддетин азатлықтан шеклеў яки еркинен айырыў жазасы менен алмастырыў ҳаққында ЖКниң 46 ҳәм 83-статьяларында нәзерде ...ылған тәртипте судқа усыныс киритетуғыны нәзерде тутылған.

Хужжат имзоланган: SHAMAMBETOV SHARAFAT DOSMAMBETOVICH, 19.02.2026

Жоқарыдағыларға тийкар, суд судланған М.Талиповтың 2025-жыл 30-октябрь күни ЖИБ Қоңырат районы судынын уйғарыўы менен судланған М.Талиповтын өтелмей қалған 3 жыл 11 ай 29 күни ЖКниң 74-статьясы 3-бөлими “в” бәнтине асас хәр айлық ис-ҳақысының 20 процентин мәмлекет пайдасына услап турыў жолы менен дүзетиў иси жазасының бирде бир күнин өтелмеген мүддетин ЖКниң 46-статьясы 4-бөлимине тийкар сол мүддетке еркинен айырыў жазасына алмастырыўды, оған излеў жәриялаўды, жазаны өтеў колония түрин ҳәм мүддетин белгилеўди лазым табады.

Жоқарыдағыларға ҳәм ЖПКниң 539, 541 ҳәм 542-статьяларын басшылыққа алып, суд

у й ғ а р д ы:

Нөкис қалалық ИИБ баслығы М.Хожамуратовтың усынысы қанаатландырылсын.

Судланған Талипов Мухит Утегеновичке излеў жәриялансын.

Судланған Талипов Мухит Утегеновичтиң 2025-жыл 30-октябрь күни ЖИБ Қоңырат районы судынын уйғарыўы менен судланған М.Талиповтын өтелмей қалған 3 жыл 11 ай 29 күни Өзбекстан Республикасы жынаят кодексиниң 74-статьясы 3-бөлими “в” бәнтине тийкар ҳәр айлық ис-ҳақысының 20 процентин мәмлекет пайдасына услап турыў жолы менен дүзетиў иси жазасының өтелмеген 3 жыл 11 ай 29 күн мүддети Өзбекстан Республикасы ЖКниң 46-статьясы 4-бөлимине тийкар 3 жыл 11 ай 29 күн мүддетке еркинен айырыў жазасына алмастырылсын.

Судланған М.Талипов иркиўге алынғанынан баслап иркиўге алынған жердеги район (қала)ның ўақтынша сақлаў қамақханасына жайластырылып, Нөкис қаласы 2-санлы тергеў қамақханасына жазаны өтеў колониясына жибериў ушын этап қылынсын.

Жаза өтеў мүддети М.Талипов қамаққа алынған күнинен баслап есапланып, жазаны улыўма тәртипли колониясында өтесин.

Уйғарыўдың орынланыўы Нөкис қаласы ИИБна жүкленсин.

Уйғарыўға нарийза тәреп Өзбекстан Республикасы ЖПК $546^1$-талабына көре, судтың уйғарыўы жәрия етилген күннен баслап нызамлы күшине кириўи итибарға алынып, уйғарыў үстинен ЖПК 499-статьясында көрсетилген шахслар тәрепинен усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы суды жынаят ислери бойынша кассация инстанциясы судлаў коллегиясына жеке шағым арза келтириўге яки прокурор жеке протест билдириўге ҳақлы.

Басшылық етиўши: Ш.Шамамбетов

Хужжат имзоланган: SHAMAMBETOV SHARAFAT DOSMAMBETOVICH, 19.02.2026